# Пондар

**Чардакх т1ехь соьца тийна 1а буьйса,**
**Шийлачу х1оно техкадо тхо.**
**Д1о геннахь цхьанга пондаро кхойкху,**
**Т1ам тухий сан са терке д1ахьо. } 2р**

**Са хьийзаш 1уьллу, ойлане вуьйгу,**
**Витахьа пондар буьйсанна со.**
**Сийналлехь цхьаьна ши седа лела,**
**Жималло 1ехош со цаьрца го. } 2р**

**Пондар т1ех буьйлу, дог карзах дуьйлу,**
**Соьга кхин цуьнца къийса ца ло.**
**Сан метан кхин к1ант х1оз хоьхкуш лела,**
**Чан оьций цера бералла хьо. } 2р**

**Сан когийн тача некъа д1акхаьчна,**
**Стешха йорт йолуш дуьне хилла.**
**Х1умма дац пондар ма белха пондар,**
**1одика йойла жималла хьан. } 2р**

**Сан когийн тача некъа д1акхаьчна,**
**Стешха йорт йолуш дуьне хилла.**
**Х1умма дац пондар ма белха пондар,**
**1одика йойла жималла хьан. } 2р**

**Х1умма дац пондар ма белха пондар.**
**Декъала хуьлда жималла хьо.**

Create PDF files without this message by purchasing novaPDF printer (http://www.novapdf.com)